

Gid pou Ranpli Aplikasyon pou Lisans Chofè TLC pou Kondi:

- Taksi Medayon yo (Koulè Jòn)
- Veyikil SHL (Koulè Vèt) ak
- Machin pou lwe (FHV)
- Transpò pou Andikape
- Commuter Van

Frè yo:

- *Yo pa ranbouse okenn nan frè yo – Pa Gen Eksepsyon*
- Lisans: \$252.00 lisans twa lane a
- Tès Depistaj Dwòg: \$34.00
- Anprent/foto: \$90.25
- Kou 24 èdtan: ant \$245 ak \$250
- Egzamen Lisans Chofè TLC: \$49 pou chak tantativ
- Fòmasyon WAV: ant \$50 ak \$125
- Kou Kondwit Defansif: ant \$25 ak \$75

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a:

[Get a TLC Drivers License \(Jwenn yon Lisans Chofè TLC\)](#)

Pou w aplike, ale sou

www.nyc.gov/lars

Fòk ou aplike anliy.
Ou pa kapab aplike fas-a-fas (an pèsòn).

NYC Taxi & Limousine Commission
Division of Licensing
31-00 47th Avenue, 3rd Floor
Long Island City, NY 11101

Gid pou Ranpli Aplikasyon pou Lisans Chofè TLC

**Taksi Jòn
Taksi Vèt
Machin pou lwe
Transpò pou
Andikape
Commuter Van**

Egzijans ak Frè yo

NYC[®]
**Taxi & Limousine
Commission**

Egzijans pou Lisans Chofè TLC:

Fòk ou franchi tout etap sa yo nan espas 90 jou apati dat ou ranpli aplikasyon w lan, sinon yo ap refize aplikasyon an:

1. Fòk ou gen omwen 19 lane
2. Pèv ki di ou gen yon Lisans **Chofè** DMV ki Valid– pou Eta New York, se Kategori A, B, C, oswa E. Verifye nan lòt Eta yo.
3. Fòk ou gen yon **Nimewo Sekirite Sosyal ki valid**
4. Fòk ou pa dwe DMV Eta New York oswa TLC okenn amann ni frè
5. Prè v ki di ou suiv Kou Kondwit Defansif (Defensive Driving Course, DDC) nan espas 3 lane anvan w aplike.
6. Fòk ou suiv Fòmasyon sou Askesibilite pou Chèz Woulant
7. Fòk ou suiv kou 24 èdtan an epi reyisi tès la
8. Fòk ou gen maksimòm 5 pwen sou lisans DMV ou nan yon peryòd 15 mwa apati dat aplikasyon w lan
9. Fòk yon doktè ki gen otorizasyon ranpli Fòm Medikal TLC ki gen 90 jou oswa plis
10. Fòk ou fè epi reyisi yon tès depistaj dwòg
11. Gade videyo Sansibilizasyon sou Trafik Seksyèl la sou sitwèb TLC a
12. Fòk ou fè anprent. Yo ap egzamine anprent ou pou wè si w pa gen pase kriminel
13. Fòk ou pa gen okenn akizasyon kriminel ki ankou ki p ap rezoud nan espas 90 jou apre aplikasyon an
14. Si Lisans Chofè DMV a **pa** soti nan Eta New York, fòk ou gen ekstrè lisans DMV deyò Eta a ki gen 90 jou oswa plis
15. Si Lisans Chofè DMV Eta New York la gen

mwens pase yon (1) lane, fòk ou gen ekstrè lisans DMV deyò Eta a ki pi resan

*****Pa Aplike Si*****

Pandan dènye ane ki sot pase a:

1. Ou te fè 4 oswa plis aksidan sikilasyon.
2. Yo te kondane w paske w t ap kondi san lisans.
3. Yo te jwenn ou pa elijib pou w gen yon lisans TLC (yon lane apati dat aplikasyon an).
4. Ou pa t reyisi yon tès depistaj dwòg (yon lane apati dat ou te echwe tès la)

Pandan 3 dènye ane yo, bagay sa yo te rive lisans TLC w la:

1. Yo te anile l (3 lane apati dat yo te anile li an)
2. Ou te remèt li oswa li te ekspire pandan amann anilasyon an te annatant (3 lane apati dat ou te remèt li a oswa li te ekspire a)

FÒK NON OU EKRI MENM JAN SOU

TOUT DOKIMAN YO: Fòk Non ou, Dezyèm Non ou, ak Siyati ou ekri egzakteman menm jan sou tout dokiman yo.

Egzijans pou Lisans Chofè TLC pou Transpò pou Andikape/Commuter Van:

Fòk ou franchi tout etap sa yo nan espas 90 jou apati dat ou ranpli aplikasyon w lan, sinon yo ap refize aplikasyon an:

1. Fòk ou gen omwen 18 lane
2. Pèv ki di ou gen yon Lisans **Chofè** DMV ki Valid– pou Eta New York, se Kategori A, B, C. Verifye nan lòt Eta yo.
3. Fòk ou Sètifye 19A Aktif
4. Fòk ou gen yon **Nimewo Sekirite Sosyal ki valid**
5. Fòk ou pa dwe DMV Eta New York oswa TLC okenn amann ni frè
6. Prè v ki di ou suiv Kou Kondwit Defansif (Defensive Driving Course, DDC) nan espas 3 lane anvan w aplike.
7. Fòk ou gen maksimòm 5 pwen sou lisans DMV ou nan yon peryòd 15 mwa apati dat aplikasyon w lan
8. Gade videyo Sansibilizasyon sou Trafik Seksyèl la sou sitwèb TLC a
9. Fòk ou fè anprent. Yo ap egzamine anprent ou pou wè si w pa gen pase kriminel
10. Fòk ou pa gen okenn akizasyon kriminel ki ankou ki p ap rezoud nan espas 90 jou apre aplikasyon an
11. Si Lisans Chofè DMV a **pa** soti nan Eta New York, fòk ou gen ekstrè lisans DMV deyò Eta a ki gen 90 jou oswa plis
12. Si Lisans Chofè DMV Eta New York la gen mwens pase yon (1) lane, fòk ou gen ekstrè lisans DMV deyò Eta a ki pi resan